TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 42

KUGAMUCHIRA CHIPO CHAMWARI

Hameno kuti hapanawo here chidzidzo chaicho chatinowana paya patinoona vamwe vanhu vanoti pavanonzwa pamusoro pechipo chaMwari. Chipo chehupenyu husingaperi. Vanongozvitora sezvinhu zvisina basa. Havana hanya nekupenegura nekuwongorora chipo chacho. Baba vedu Abramu vakange vasingabatiri zvinhu pamusoro kudaro. Vainyatsopenengura nekuwongorora. Vaifungisisa pamusoro pazvo. Vakafamba vachiongorora nekupenengura nyika yavakange vapihwa sechipo sechipikirwa chakaitwa naMwari.

Kugamuchira chipo zvine kuzvininipisa ndiwo matorero echipiri akaitwa chipo ichi mukuzvininipisa. Chiiko chakange chavimbiswa naMwari? Ndinoda kuti uone kuti Mwari vakazvitaura sei. Ndichakupa nyika iyi. Ndichapa nyika iye kuzvizvarwa zvako. Hapana chawaifanira kuti utange waita kuti ugokodzokera kuwana chipo ichi chakapikirwa. Mupfungwa dzaMwari makange muine zvizvarwa zvaAbramu zvichienda zvakadaro kusvika kumhuri dzaizouya mushure maAbramu. Abramu akagamuchira chipo chaMwari zvine kuzvininipisa. Akawona kuti zvese izvi zvaipinda mukuronga kwaMwari. Ndichapa nyika iyi kuzvizvarwa zvako. Hatina mukana watiinawo wekushandura zvakataurwa naMwari. Rega nditore chidzidzo kubva pazviri. Usadzokera shure pakugamuchira zvaunoda kupihwa naMwari. Kugamuchira chipo chakadai kunoita kuti hurongwa hwaMwari hwavanoda kuita

newe hubudirire. Haiwa, kune vanhu vakawanda vanodzokera kumashure vachirega kugamuchira zvavanenge vachida kupihwa naMwari. Baba vedu Abramu vakange vasina kudaro. Vaive mugachiri akazvininipisa. Vakagamuchira zvavaida kupihwa naMwari. Saka Mwari wemasimba ose akamuropafadza.

Kutaura zvine rukudzo kwakabuda mukugamuchira kwakaita Abramu chipo chaMwari. Aitaura naMwari zvine rukudzo. Nguva dzose ini ndinoropafadzwa nemataurirano aiita Mwari naAbramu. Mwari vaigona kutaura naAbramu. Abramu aitaura naMwari vachimuteerera nekumunzwa. Mushure mekunge apinda munyika iyi yechipikirwa Abramu akaenda kugomo raive kumabvazuva kweBheteri. Ikoko akanovaka aritari achivakira Ishe. Iyi ndiyo yaive nzvimbo yake yekunamatira. Aritari waive mucherekedzo wekuteerera nekutaurirana naMwari. Pano Abramu akavaka aritari kuti aise nzvimbo yaaizosangana naMwari.

Abramu akatevedzera zvine rukudzo zvaaiziva ndokubva aidana kuzita raIshe. Inzwa kutaurirana kwavaiita. Mwari vaitaura naAbramu ukuwo Abramu aitaura naMwari. Dzimwe nguva unogona kufunga kuti Abramu aive mudzungairi aigara akasurawara. Aive zai regondo. Kwete. Nekuti Mwari vaigara vainaye. Haiwa uku kwaive kufamba pamwe chete kunoshamisa! Aive nearitari yake apo paainamatira minamato yake. Usazvinyengere kuti ungaite zano ndega. Vaka aritari yako. Dana kuna Mwari. Ukadaro unozowadzana naMwari.

Kune vanhu vamwe vasingadi kugamuchira chipo chaMwari. Pane imwe nguva takashanyira nyika yeTurkie. Takafamba tichiona dzimwe nzvimbo dzinotaurwa nezvadzo munhoroondo yeBhaibheri. Kuti tikwanise kuwana imwe yenzvimbo dzekare idzi pane mumwe munhu mune rumwe ruwa akatipa zano rekuti tiperekedzwe nechikomana chaive nemakore 14. Ini naamai Yoder taifamba tiri tega. Mukomana uyu akaenda nesu kunzvimbo iyi. Akatiratidza kuti tinofamba sei ndokuzodzoka nesu zvakare kuruwa rwatakange tabva. Pandaida kumupa mari yekutibatsira kwaaingeaita akaramba kupihwa mari nesu. Ndaida kumupawo chipo ndichiratidza kutenda kwedu netsiye nyoro dzaakange atiitira. Asi tsiye nyoro dzake dzakange dzakawandisa zvakuti haana kugona kugamuchira chipo kubva kwandiri.

Ini ndinoziva vamwe vanhu vasingadi kugamuchira chipo. Vazhinji vedu tinofara chaizvo kugamuchira chipo. Ndinotoziva vamwe vanotopemha. Vanokumbira kuti vapihwe zvipo. Izvi zvakada kufanana nehukama hwatiinahwo naIshe. Tinofanira kumukumbira kuti atipe zvipo. Asi rangarira kuti kana wagamuchira chipo wave nemungava kune uyo akupa chipo. Hongu ndizvo chaizvo.

Baba vedu Abramu vanotiratidza kuti tinogamuchira sei chipo chinobva kuna Ishe. Genesi 12:6-9 inotiudza kuti Abramu akaita sei paakapihwa chipo naIshe.

6. Abhurama akafamba nomunyika kusvikira panzvimbo yomuti mukuru weMore paShekemu. Panguva iyoyo vaKenani vakanga vari munyika. 7. Jehovha akazviratidza kuna Abhurahama akati, "Ndichapa nyika iyi kuvana vako." Saka akavakira Jehovha aritari ipapo, iye akanga azviratidza kwaari. 8. Kubva ipapo akaenda mberi akananga kuzvikomo zviri kumabvazuva kweBheteri riri

kumavirira uye Ai riri kumabvazuva. Akavakira Jehovha aritari ipapo uye akadana kuzita raJehovha. 9. Uye Abhurama akasimuka akaenda mberi akananga ku Negevhi."

Mundima idzi tinoona MATORERO akaita Abramu chipo ichi chaIshe nekugamuchira kwaakaita. Izvi ndizvo zvakaita kuti Abrama ave munhu anokosha sezvaakazoita. Ndinoda kuti uone kwaaitungamirirwa naMwari pavakamudaidza kubva kuUri rava Karadhea. Abramu akapfuura nemunyika umu kusvika asvika kuShekemu panzvimbo inonzi More. Kunyatsopenengura nekuongorora chipo chaMwari ndiwo matorero ekutanga akaitwa zvinhu naAbramu. Haana kugutsikana nekungokanda ziso kamwe chete. Chinangwa chake chaive chekuda kuona nyika. Mwari vakange vamuudza pavakamudana kuti, huya ndikuratidze nyika. Vakamuti, *".... Uende kunyika yandichakuratidza."* Abramu akatenda zvaakaudzwa naMwari akafamba achiona nyika iyi. Haana kugutsikana nekungokanda ziso kamwe chete. Chinangwa chake chakange chiri chekuona nyika iyi.